


Bon Nouvèl



Journal pou moun ki renmen lang manman yo

42° ane * n° 457 * Janvye 2009

Pri journal la : 10 goud

Larezannen pou tout zanmi Bon Nouvèl



- 2 Avangou : Larezannen 2009
- 3 Koze mande chèz : Nouvèl kout
Eleksyon pou renouvle 1/3 nan sena a
Mesaj GARR
- 5 Ti refleksyon sou Ayiti : Politik sou devlopman
- 6 Paj Fanatik : Lèt Jezi voye ba nou
Omaj ak Desalin
- 8 Dosye : Deklarasyon dwa inivèsèl /
Ki kote nou ye 60 lane aprè ?
- 10 Paj pou jèn yo : -Medya yo kapab patisipe
nan demokrasi an Ayiti.
-Rastafaray, yon relijyon oubyen yon filozofi
-Ti koze sou Annsi Dewoz, Miryèl Kreyasyon
ak Ram ki gen 18 lane
- 13 Foutbol : Grenadye yo pa t gen zam
- 14 Pawòl Bondye : Limyè levanjil
sou pwoblèm anviwònman
- 16 Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

Men nou nan yon nouvèl ane. Kisa 2009 ap pote pou Ayiti ? Nou pa konnen! Kòm chak 1^o janvyè nou gen espwa pou l pote chanjman nan kondisyon pifò moun ap viv.

Gen anpil defi ki pou leve, gen anpil travay an ijans ki pou fèt. Nou pa kapab rete chita tann zòt ap fè l pou nou. Anpil nan ijans sa yo se reskonsablite leta se vre, men leta se nou tout, pa bliye sa.

Pi gwo ijans la se pwoteksyon anviwònman nou an, k ap degrade chak jou pi plis e ki koz anpil kalamite ak tristès. Yon lòt defi se lavi chè ki pou bese, chomaj ki pou diminye, ensekirite ak kidnapin ki pou fini. Fòk tout pitit tè a ta kapab ale lekòl. Yon lòt ijans se refòm lajistis, se lòd nan administrasyon piblik, se elimine koripsyon, se mete disiplin nan sikilasyon, se pemèt plis moun jwenn bon sèvis leta, tankou edikasyon, dlo pou bwè, elektrisite, etsetera era

Nou pwofite komansman ane tou nèf sa a, pou n swete tout fanatik Bon Nouvèl yo yon larezannen, yon ane kote anpil nan pwoblèm sa yo kapab jwenn yon bout solisyon

Bon Nouvèl koumanse 42^o ane egzistans li. Nou te travay pou n ba l yon pi bèl prezantasyon toujou, ak kèk atik tou nèf. Men nou te blije monte pri a yon ti kal. Jounal Bon Nouvèl viktim lavichè a tou. Nou konte sou konpreyansyon tout lektè yo, pou n toujou bay Bon Nouvèl la jarèt. (Gade nouvo tarif yo nan paj 8). Depi mwa sa a na vini ak 3 paj espesyal pou jèn yo ak etidyan yo. (Gade nan paj 10 rive paj 13). Ladann nou vle vini ak sijè ki vreman ka enterese yo. Lektè nou yo, n ap tann reyaksyon nou, ak sijesyon nou pou fè Bon Nouvèl tounen jounal nou tout.

M ale, n a wè an fevriye.

Pè Jan Out



Eleksyon pou renouvle yon tyè nan Sena a Anpil dout kay aktè yo !

Alòske travay yo ap mache nan Konsèy elektoral pwovizwa (KEP) pou kondwi peyi a nan eleksyon ki ta dwe renouvle yon tyè nan Sena a, aktè politik yo pa montre yo twò anvni enplike nan pwosesis la, pandan y ap denonse kontwòl pouvwa santral la sou machin nan. Kòm aksyon konkrè ki deja fèt, enstitisyon elektoral la enstale manm bèd yo ki soti nan konkou. Depi nan dat madi 9 desanm, 30 pami 33 manm Biwo elektoral depatman (BED) nan 10 depatman elektoral. Se sèlman nan Lwès pwosesis te pran yon ti tan ak rès twa manm yo.


Yon lòt kote, yon dokiman li ekri alafwa an franse ak angle ki pa lang ofisyèl peyi a, KEP la rele 1 kalandriye elektoral, ap sikile depi nan dat 3 desanm. Dokiman sa a ki pa fasil pou moun li, fikse delè pou piblikasyon lis elektoral, depo kandidati yo, fabrikasyon ak distribisyon materyèl sansib, kanpay edikasyon sivik, reyalizasyon vòt la, elatriye. Tout

aktivite sa yo ap fèt ant premye desanm ak 19 avril ki se premye jou tout eleksyon an.

Men pa gen okenn kote ki masyone nan dokiman an ki lè kanpay elektoral la ap koumanse ni ki jou l ap fini. Plizyè pati politik ki pa twò danse kole ak ekip k ap dirije KEP la, di yo note kèk bagay ki pa nòmal nan dokiman an pandan yo manifeste enkyetid yo sou kapasite ekip la pou mennen peyi a nan bon jan eleksyon onèt, kredib ak demokratik.

Konsèy ak konvansyon nasyonal pati politik ayisyen yo di yo enkyete dèskè KEP la mare nan pye tab prezidans la, sa ki fè li pa ka pran okenn desizyon pou kont li. Yo denonse kontwòl ekzekitif sou aparèy elektoral la alòske konseye yo ap jwe jwèt koken ak pati politik yo ki se aktè nimewo 1 nan pwosesis la. Yo deplore tou KEP la pa gen kontwòl rejis elektoral la ofis nasyonal idantifikasyon (ONI) reskonsab, elatriye.

De regwoupman politik sa yo di yo te etone anpil lè yo resevwa nan dat 3 desanm yon kalandriye ki pa pran oserye rekòmandasyon yo te fè bay KEP la nan dènye rankont yo te gen avèk li nan fen mwa novanm nan. Viktò Benwa ki t ap pale nan yon konferans pou laprès nan dat jedi 4 desanm pase a di l swete gen yon deba ki fèt ant Palman an, prezidans la, KEP la ak tout gouvènman an pou eseye sove eleksyon yo.



ONI nan pwosesis la

Ofis nasyonal la di l ap pare pou fè enprime kat idantifikasyon pou moun ki vin gen laj 18 lane ak moun ki te pèdi kat pa yo pandan l ap travay pou aktyalize lis elektoral la. ■

Ladenson Flerival

2 DESANM: Ofis Nasyonal Idantifikasyon (Oni) jwenn machin pou l prepare kat idantifikasyon elektè yo. Se ACIDI ki te bay 1.260.196 dola ameriken pou machin sa a. Se menm konpayi angle sa a ki te vin enstale machin nan e ki kòmanse ap fòme kèk ayisyen pou fè kat yo.

5 DESANM: Lapolis libere Dyenàn Ledan (Dieunane Ledan) yon viktim kidnapin ki te pase anviwon 10 jou nan men kidnapè yo. Operasyon sa a te rive fèt ant polisye ak popilasyon Dèlma 40 selon pòt pawòl polis la, mesye Gari Dewozye (Gary Derosiers). Anviwon yon ventèn moun ki sispèk jwenn arestasyon yo.

7 DESANM: Prezidan Preval t ap patisipe nan 3èm somè KARIKOM, yo te rele (CUBA-CARICOM) ki t ap fèt Kiba nan vil Santyago. Se prezidan kibenan, Rawoul Kastwo (Raul Castro), ki t ap dirije sa a. Gen anviwon 14 chèf deta ki t ap patisipe nan woumble sa a ki chita sou kriz finansyèl, alimantè ak anviwònman entènasyonal.

Mesaj Gwoup k ap Apiye Rapatriye ak Refijye yo (GARR)

18 desanm, se jounen Nasyonzini batize “Jounen Entènasyonnal Migran yo paske sa te rentre an vigè lè yo te siyen konvansyon entènasyonnal pwoteksyon dwa migran ak tout fanmi yo.

Depi plis pase twa z an, GARR òganize chak ane yon kokennchenn aktivite ki toujou fèt nan dat sa a, pou yo reflechi sou sijè ki gen rapò ak imigran yo, oubyen pou fè konnen ki pwoblèm yo ak sa yo pote kòm diplis nan lavi sosyal, ekonomik ak politik peyi a.

18 desanm se pi gwo okazyon pou GARR ka fè sonje prensip ki nan konvansyon nasyonzini 1990 la sou dwa tout travayè migran ak fanmi yo ak aplikasyon li tou.

Nan ane 2007 la, ekspozisyon «esklav nan paradi» (esclave au paradis), ki te dire 15 jou te mete a klè reyalite Ayisyen k ap koupe kann nan Repiblik Dominikèn.

Nan ane 2008 la, GARR te bay yon teks sou diaspora ayisyen nan peyi sa a. Teks sa a soti nan prezantasyon diplomat Edwin Parezon (Edwin Paraison), ki bay enfòmasyon sou diaspora ki se kominote ayisyen yo

ki pi ansyen eki se dezyèm nan enpòtans aprè peyi lèzetazini.

Men kèk feblès ak difikilte ayisyen yo rankontre an Dominikani



foto entènèt

-Enstablite travayè ki la pou yon ti bout tan yo epi rapwochman Ayiti ak Dominikani pa ede nan pwosesis òganizasyonèl lan.

-Repwodiksyon prejije an Dominikani sou sosyete aisyèn nan pa pèmèt yon brase lide ant ayisyen nan nivo sosyal ak ekonomik diferan.

-Plizyè rezon politik, sosyal ak ekonomik ki soti anndan reyalite ayisyano-dominiken an (dominiken ki gen rasin li nan peyi Dayiti, ayisyen ki gen rasin li an Dominikani) fè ayisyen ak dominiken yo pa fin dakò sou orijin

ayisyèn nan pou yo gen menm idantite.

-Kominote an pa gen lidè politik dominiken enfliyan ki pou defann kòz yo.

Jounen jodiya, GARR kapab toujou konte sou yon pi gwo solidarite an Ayiti, an Dominikani ak tout lòt kote yo. Moun konnen kontribisyon l, efò l ak tout pwoblèm li yo menm lè solisyon k ap sòti bò kote pouvwa piblik yo ap pran tan pou yo tounen reyalite. Yon lòt kote, sosyete ak dirijan de peyi yo ap eseye bliye difikilte ki gen pou wè ak listwa yo. GARR pwopoze, pou gen dyalòg nan mitan kominote ayisyèn nan ki an Dominikani pou yo kapab poze pwoblèm yo epi chèche solisyon ki gen rapò ak pozisyonman de peyi yo. Li ta bon tou, pou yo te kapab reyini tout aktè de peyi yo ak aktè nan kominote entènasyonnal la ki te travay sou sijè migrasyon Ayisyenn an Dominikani nan 25 dènye lane ki sòt pase la yo pou yo kapab evalye sa k te fè baryè yo epi defini lòt estrateji ak solidarite

GARR

8 DESANM: Yon gwoup manifestan nan Gonayiv te pran lari pou mande liberasyon Ens Boukè Dòfèy (Ernst Bouquet Dorfeuille) ki jounen jodiya abite nan penitansye nasyonnal depi jedi 4 desanm. Selon chay ki sou do l komisè a li ta sanble yo te jwenn yon zam ki pa t gen papyè lakay li epi sanble li te konplis nan lanmò madanm li Monik Pyè (Monique Pierre), yo te kidnape epi asasine.

Selon manifestan yo:” yo pran lari a pou yo montre solidarite yo ak komisè a, paske depi yo fin mete komisè a nan prizon an bandi fè sa yo vle nan vil la”.

10 DESANM: Nan okazyon 60 èm anivèsè deklarasyon dwa moun, Ofis Pwoteksyon Sitwayen (OPC) ak USAID te òganize yon seri konferans ak deba kote anpil entèvenan te vin chita pale sou

dwa ak devwa moun genyen. Li te remèt sètifika bay kèk moun ki te patisipe nan yon fòmasyon ki te fèt 30 ak 31 oktòb sou mekanis prevansyon sou maltrete moun.

18 DESANM: Nan okazyon 18èm anivèsè premye eleksyon ki te fèt nan ane 90 kote prezidan Asistid te monte prezidan, anpil patizan te pran lari pou mande retou prezidan Aristid.

Ti refleksyon sou Ayiti

Politik sou devlopman...

Tout peyi ki sou tè a sou ray devlopman nan konstriksyon ak reyalyasyon plan global pou chanje kondisyon moun, epi amelyore kalite sèvis yo ap bay nan tout sektè...

Ayiti se peyi ki gen yon gwo plas nan listwa sou tè a, pou jan li te pran endepandans li, sa gen 205 lane. Zansèt nou yo te met tètansanm pou yo te goumen kont blan fransè, kolonizatè, pou yo te gen libète, yon libète ki jodi a vann san okenn kondisyon. Aprè 205 lane nou konstate toujou gen yon pratik politik otorite peyi a adopte pou fè pwomosyon pou soudevlopman ak lamizè san okenn pri. Konpòtman ak diskou anpil nan responsab peyi sa a montre aklè kanpay k ap fèt pou antre peyi a nan tè pi fon. Ou ka konprann kisa sa vle di lè yon dirijan ap pale devan laprès, l ap retire tout responsablite l kòm kwa dirè li pa reponsab anyen nan mal peyi a. E si ou ta analize kèk diskou depaman palamantè, minis, direktè, elatriye, ou ta di se yon bann moun ki pa fin konnen twò byen wòl yo ak fonksyon yo nan Leta a, ou ta di se yon bann moun yo bay kenbe yon seri plas, pou yo pa rete vid.

Pou sa ki gen pou wè ak prevansyon, pou evite yon seri dega ak dezaz sou tout fòm, dirijan isit nan sans sa fè zewo bare. Se lè malè a fin pase ou a wè nèg nan medya ap pale, mande kominote entènasyonal la èd; pran pòz papa bon kè e se la anpil nèg pwofite fè kanpay.

Anpil ti peyi ap fè gwo jefò pou yo fè wè si yo ka avanse, pou yo

jwenn plas yo nan ekonomi mond la, sa ki ta di jodiya se Repiblik Dominikèn ak Trinidad ki ta ba nou èd lajan aprè gwo dega siklòn fin fè nan kèk kote nan peyi a, san sen sovè Matinik, Gwadeloup ak Giyan ki vin ede nou retire vivan ak kadav anba mas beton nan Nèrèt.



A la traka! Lè mòd evènman sa yo rive ou pa bezwen wè jan zòt ri nan moustach, ou pa ta di se moun ki fèk rantre; yo tout sanble etranje k ap pase.

Pou moun ki konn vwayaje al nan lòt peyi omwen yo gen yon ide sou jan moun lòt kote wè Ayiti jodi a. Sepandan, fonksyonman otorite nan peyi a montre toutbon yo fè antant oudimwens yo siyen yon kontra pou peyi a toujou rete soudevlope, rezon pou yo ka toujou panse avè n. Lòt kote yo gen plan global pou devlopman dirab (pou plizyè ane). Poutan pa bò isit nèg ap jere ti pwojè milyon pou yon ti bout tan (kòm yo pran sant Ayiti pral kraze), ki vle di yo pa gen enterè nan konstwi bagay ki pou dire lontan.

Politik kliyantelis, militantis ak fanatis pa mennen nou okenn kote si non nan kraze brize, kouri dèyè sèvo ak resous peyi a ki gaye pasi

pala al vann blan sèvis ak tan yo pou yon lavi miyò.

An Ayiti, lè yon sitwayen kandida pou pran tèt peyi a, li gen anba bra l yon ti pwojè 5 an ki pa menm bezwen yon bon 6 mwa pou l egzekite, sa vle di rès 4 tran 6 mwa a pase nan lib. Pou yo jistifye tout reta yo toujou kreye yon seri pwoblèm bay tèt yo ki anpil fwa rete san solisyon, yon fason pou yo ka jistifye tout tan yo pèdi nan pale vye koze, fè dilatwa. Sòti ane 1986 pou rive jouk jounen jodi, anpil èd rive jwenn peyi a sou plizyè fòm mete ak anpil gwo sòm lajan ki sòti oubyen nan peyi etranje oubyen nan Trezò piblik pou yon seri pwojè ki jiskaprezan rete sou papyè, ki pa janm reyalye. Pèsòn pa janm di anyen paske, fòk pòt la rete toujou louvri pou sa k ap vini yo ka pote ale menm jan ak sa ki pase deja yo, epi se pèp la ki toujou peye po kase yo.

Men ki avni yon peyi kote pèsòn pa angaje, pèsòn pa reponsab, pèsòn pa koupab? Epi, peyi a ap fè bak chak jou pi plis toujou. Aksyon politisyen nan peyi sa a montre klèman se yon bann nèg k ap goumen kont tèt yo, pliske pèsòn pa janm panche sou vrè pwoblèm peyi a, epi chita ansanm ak tout sektè pou jwenn yon solisyon ki nan enterè tout moun. Konsa nou ta rive gen yon lòt peyi, epi yo ta sispann gade nou mal, konsidere nou tankou moun ki pa konn sa yo vle.

Wadnè Izidò
Wadneri26@yahoo.fr



Lèt Jezi ekri voye pou nou aprè fèt Nwèl la

Jodi a nou pran Jezi pou fanatik Bon Nouvèl, deske Bon Nouvèl tou vle fanatik Jezi. Tèks nou jwenn nan paj sa a, se tradiksyon ak adaptasyon yon tèks nou te jwenn nan men yon zanmi, ki te voye l ba nou pa kourye elektronik (emèl). Nou te vle pataje l ak lektè jounal yo.

Zanmi m yo, bonjou

Kòm nou konnen, jou 25 desanm nan setè fèt anivèsè m . Se chak ane n ap fete l. Nan moman fèt sa a nou youn ofri lòt kado, gen anpil bèl chante ak mizik ki pale sou mwen epi nou pwofite byen manje. Mwen kontan deske mwen konstate gen moun ki pa bliye dat nesans mwen an. Lontan tout moun te konnen poukisa yo te konn fete nan dat sa a, epi yo te gen rekonesans pou tout sa mwen te fè pou yo. Alèkile prèske pa gen moun ankò ki sonje sa. Men yo toujou reyini an fanmi pou yo fè bèl reveyon pou yo fete anivèsè m.

Ane sa a ankò, Jou Nwèl la te gen yon bèl fèt lakay nou ak anpil manje, manje koupe dwèt ak gato ak anpil bwason. Te gen bèl dekorasyon ak abdenwèl chaje ti limyè. Men nou te bliye envite m nan fèt la, malgre se poutèt mwen menm nou t ap fè l. E poutan mwen te byen vle patisipe ...

Pou di laverite, sa pa t etone mwen, paske menm jan ak lòt ane anvan yo, mwen te deside fè yon ti parèt kan menm, men mwen te jwenn pòt kay la fèmen. Malgre nou pa t envite m, mwen te fè yon jan pou m te antre kanmenm tou dousman, al chita nan yon ti kwen pou m te kapab gade fèt la. Tout moun ki te la t ap amize yo, bwason t ap koule a gogo, yo yonn bay lòt blag epi anbyans la te bèl.

Sa k te pi deranje m, se lè m wè yon gwo tonton gason abiye tout an wouj ki vin antre nan fèt la. Li te gen yon gwo bab tou blanch epi li t ap pale ak yon gwo vwa. Ou ta di se sou l te sou. Li t al chita nan yon bèl chèz boure epi tout timoun yo ki te prezan nan fèt la kouri al jwenn li, kòm si fèt la se pou li yo t ap fè l. Li te pote yon gwo sak epi li rale yon kado soti nan sak la bay chak moun ki te nan fèt la. M t ap gade pou wè si pa t gen yon ti kado pou mwen tou, men pèsonn pa t okipe m.



Se sa k fè mwen mande nou : Kijan ou ta santi ou si jou anivèsè ou a, yo bay tout moun kado sof ou menm k ap fete fèt nesans ou?

Kou minwi sonnen chak moun te leve al anbrase lòt. Mwen menm tou mwen te lonje de bra m ap tann pou yon moun vin sou mwen pou anbrase m, di m “Bòn fèt”, men yo t ap fè kòm si yo pa wè m.

Se lè sa a atò mwen te konprann mwen pa t gen plas nan fèt la vre, kifè mwen te pati kite kay fèt la tou dousman ankò, menm jan mwen te vini an.

M pa ka di nou kijan mwen ta kontan si yon pwochen fwa, nou ta envite m vin fete ak nou, pou n ta ka sonje kouman mwen te tounen moun parèy nou, plis pase 2000 ane pase, pou m te kapab vin mouri pou nou sou lakwa, pou nou te kapab jwenn lavi. Se sa m ta swete alokasyon fèt nesans mwen an : Pou m ta kapab jwenn yon ti plas lakay nou

M ap ba nou yon ti sekre. Mwen menm tou m ap prepare yon fèt, yon fèt san parèy. Mwen deja koumanse ekri lèt envitasyon yo epi gen yon ladann pou nou chak.

M ap ekri non nou avèk lèt an lò nan yon gwo liv ki gen non envite yo. Se sèlman sa ki gen non yo ekri nan liv la ki va kapab antre nan fèt la. Moun k ap refize envitasyon an, y a bliye rete deyò. Kidonk prepare nou byen, paske lè tout bagay pre, fèt la va komanse. Sonje byen : Mwen renmen nou anpil epi mwen ta renmen nou la ansanm ak mwen lè sa a.

Siyen : Jezi nèg Nazarèt

OMAJ AK DESALIN

Jèn , timoun kou granmoun peyi d Ayiti
An nou leve tèt nou gade solèy libète
Nou dwe toujou swiv chimen zansèt yo
Jounen jodiya, nou leve dizwisankat byen wo
Ak tout pèp k ap goumen pou van libète soufle
Kriye pou libète toutotan lapatri pa ka fè yon ti souri.
Devan lemond fò n montre nou pa pote pantalon pou bèl twèl
Eksplike timoun yo k ap grandi pou yo pa pran nan tonton nwèl
Simaye angrè libète nan kè chak grenn ayisyen
Ayibobo pou moun k ap plante yon grenn Desalin sou gran chimen.
Libète cheri nou p ap janm sispann chante pou ou.
Imaj ou byen vivan nan lespri nou.
N ap rele ou lajounen kou lannwit.



Nou bezwen ou kouri vin jwenn nou touswit.
Asasen toujou vle kanpe an kwa sou wout nou.
Napoleon, Wochanbo ak Delano Wousvèl toujou la.
Nan non Touden ak Desalin n ap goumen jouk sa kaba.
Isit la tankou nenpòt lòt kote soulatè.
Tèt kale san tyas pou fè plas pou lanmou.
Alaso n ap kriye nou pa pè nou p ap janm pè.
Nou se nèg Batagri ki pa pè mouche lanmò.
Nou sèmante swasann disèt fwa sèt fwa fòk libète fè kò.
Ou mèt poze ou ti papa n ap kanpe fas pou fas douvanjou.

Latris Jan Dalvo



imaj entènèt

(509)514-0606

TEL INFO

FREE YOUR MIND

**OU GEN YON IJANS
OU BEZWEN YON ANBILANS!!
YON DOKTÈ !!
TEL INFO**

***406 / 2-414-0606 / 2-514-0606
OU BEZWEN ENFÒMASYON !!
KI KOTE W AP JWENN PWODI SA
OUBYEN SÈVIS SAA
OU BEZWEN KOUNYEYA ?
TEL INFO
*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606
PLIS PASE YON ANYÈ**

Deklarasyon inivèsèl dwa Moun Ki kote nou ye 60 lane aprè ?

Divès aktivite dewoule an Ayiti kou lòtbò dlo tankou rankont, diskisyon, konferans-deba pou make 60èm anivèsè Deklarasyon inivèsèl dwa moun (DUDH), plizyè peyi pami yo Ayiti, te adopte nan lakou Nouyòk (Etazini) nan lane 1948, nan dat 10 desanm. Aprè plis pase yon demi syèk ki bilan pou Ayiti?



Se nan sitiyoasyon dezolasyon, lamizè ak dezespwa, move lavi Ayiti selebre jounen mèkredi 10 desanm 2008 la, 60èm anivèsè Deklarasyon inivèsèl dwa moun. Tèm nan ane sa a, se : «Diyite ak jistis pou tout moun». Yon tèm ki ta dwe fè machin lajistis la souke kò l lè n konsidere kouman dwa moun pase anba pye sou kesyon sa a.

Anpil sitwayen nan peyi a pa sispann mande jistis. Dayè se sektè ki pi denonse. Minis jistis tounèf la, Jan Jozèf Ekzime ki t ap patisipe nan yon rankont nan oditoryòm radyo Karayib jounen mèkredi a bò kote responsab seksyon dwa moun nan Misyon nasyonzini pou

estabilizasyon Ayiti (Minista), Tcheri Faga (Thierry Fagart), Jowèl Boutwou ki nan sistèm Nasyonzini an ak Avyòl Fleran ki soti nan Akademi dwa moun, rekonèt menm jan ak lòt panelis yo nesosite ki genyen pou fè pwomosyon dwa sitwayen yo.

Pou Kalòs Èkil, avoka, sistèm ayisyen ki pwoteje dwa moun yo ekziste deja. Ayiti siyen plizyè enstriman tankou Konvansyon entèamerikèn dwa moun, e peyi a fè pati ansanm kominote manm sistèm Nasyonzini ki ratifye anpil zouti ak enstriman sou pwoteksyon dwa moun. Li site kòm ekzanp «Pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik ».

Panelis yo nan oditoryòm radyo Karayib la fè kwè gen jefò ki fèt nan kesyon dwa sivil ak politik. Minis jistis la limenm di li kwè gen amelyorasyon nan dwa moun jounen jodiya konpare ak ane ki pase yo. Bò kote pa l, Mèt Kalòs

Èkil fè konnen : leta pa mennen zak gwo ponyèt sou moun tankou sa te konn fèt lontan pou pèsekite jounalis, avoka, politisyen, elatriye. Se yon konkèt, nou pa dwe pèdi l. Deklarasyon Mèt Èkil ki di l regrèt dwa sosyal, politik ak ekonomik yo ap trennen toujou an Ayiti.

Anpil dwa foule anba pye selon RNDDH

Nan okazyon jounen entènasyonal dwa moun nan, rezo nasyonal k ap defann kòz Ayisyen yo (RNDDH) pibliye yon rapò sou dwa sosyal ak ekonomik yo. Selon rapò sila a, dirijan yo pase anba pye «dwa pou tout timoun al lekòl, pou moun jwenn travay, laswenyay ak libète sendika, dwa pou moun jwenn manje elatriye. Gouvènman ki pase nan tèt peyi a pa pran an kont bezwen reyèl popilasyon an »

Sitiyoasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras depi janvyè 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl, ou byen si ou achte l nan men yon revandè : 10 goud

Pri abònman pou 2009

An Ayiti :

1 abònman rive 50 (pou 1 ane) 120 goud pou chak abònman

51 pou rive 100 abònman : 100 goud pou chak abònman

101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman

250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman

1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud

An pwovens : 300 goud

Pou peyi Etranje : Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US

Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US

RNDDH di nan dokiman an, li sansib anpil ak prensip ki mete ansanm tout dwa moun, Konferans Vyèn nan te adopte nan lane 1993. Òganizasyon an mande zotobre yo pran bon jan mezi pou garanti tout dwa Ayisyen san mankman ak san paspouki.

REPT mande pou Kaba esklizyon nan ledikasyon

Nan yon dokiman li pibliye nan dat 10 desanm pase a, “Regwoupman Edikasyon pou tout moun” (REPT) fè konnen pèp ayisyen toujou goumen pou defann dwa sa a. Se sa ki fè li te fòse konstityan yo rekonèt nan konstitisyon 87 la edikasyon kòm dwa moun fondamantal, kòm reskonsablite Leta. Ledikasyon enskri nan Deklarasyon inivèsèl dwa moun Nasyonzini te vote nan lane 1948.

Dokiman an kontinye pou l di “Leta nan peyi d Ayiti pa janm respekte dwa sa a ki se ledikasyon”. Se sa ki lakòz, 60 lanne apre DUDH nan REPT konstate : 92% lekòl nan peyi d Ayiti se lekòl prive, alòske siy nivo ledikasyon an se 0,51. REPT note tou gen anviwon 50% nan popilasyon an ki pa konn li ak ekri, 1/3 jenn fanm ak jenn gason ki genyen 15 rive 24 lanne analfabèt. Li konte 67% lekòl fondamantal, 75% lekòl segondè, 80% Inivèsite se etablisman prive.



Yon lòt kote, REPT fè konnen lekòl bòlèt tanmen simaye nan kat kwen peyi a nan nenpòt ki kondisyon. Sa ki lakòz gwo dezolasyon nan mitan popilasyon nan mwa pase a aprè plizye dizenn jem lespwa (pwofesè ak elèv) te peri nan lekòl La Pwomès Evanjelik .

Pri lekòl monte disèt wotè. Anpil nan yo rive fè paran yo peye an dola ameriken. Pa genyen pyès program ak politik edikasyon pou jèn ak granmoun Swasant (60) lane apre Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun nan, REPT renouvle angajmanl pou reklame bon kalte ledikasyon gratis pou tout moun san fòs kote.

REPT fè rapèl sa yo ak zotobre ki nan tèt peyi a : “Ledikasyon se yon dwa moun fondamantal, grananti ledikasyon se pa yon kado oubyen favè, men se pito yon obligasyon konstitisyonèl”. Li mande Leta pou l sispann gagote lajan inital nan peye dèt yo di Ayiti dwe FMI ak Bank Mondyal, kaba esklizyon nan ledikasyon. REPT mande tou pou palmantè ayisyen yo sispann vote lwa tèt anba k ap antrave pi plis dwa ledikasyon pèp ayisyen.

Nan lokazyon 10 desanm lan, REPT pwofite manifeste soutyen ak solidarite li ak gwoup sendika pwofesè ki depoze nan Palman an yon pwopozisyon avan pwojè lwa sou finansman edikasyon kote yo mande pou trant pou san (30%) nan bidjè ale anfavè edikasyon nasyonal la, yo kwè ki se yon dwa fondamantal.

N ap sonje

Nan dat 10 desanm 1948, twazan aprè belijeran yo te mete yon bout nan dezyèm gè mondyal kote moun te mouri pa bann ak pa pakèt, plis pase 10 milyon moun te fè vwèl pou peyi san chapo, kominote entènasyonal la te adopte ak 48 vwa pou ak 8 lèzòt ki pa t pwononse yo, Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun (DUDH) pou ranfòse dwa chak sitwayen sou tè a kelkeswa kote l ye, kelkeswa lè a.



Dokiman an reprezante premye jès k ap defann diyite ak egalite pou tout moun fi kou gason. Gen plizyè lòt tèks ki vin kore deklarasyon inivèsèl dwa moun nan. Menm dokiman orijinal la ki tradwi nan 359 lang ak ekriti diferan rete yon referans pou tout moun ki swaf jistis. ■

**Ladensonn Flerival
Foto: Janmak Fenelon**



Medya yo ka patisipe nan Demokrasi an Ayiti

Tèm yon konferans-deba “Medya ak Demokrasi an Ayiti”
ki te fèt 17 desanm 2008 la

Mèkredi ki te 17 desanm 2008 la, te genyen yon gwo konferans-deba nan fakilte syanszimèn kote pwofesè Ewòl Tousen (Hérolde Toussaint) ansanm ak yon gwoup etidyan nan departman komunikasyon sosyal ak patisipasyon Kolektif Inivèsité Sitwayèn yo (Collectif des Universitaires Citoyens ‘CUCI’) plis Asosyasyon Ayisyèn Etidyan nan Komunikasyon Sosyal yo (Association Hatienne des Etudiants en Communication Sociale ‘AHECS’) t ap analize sans ak siyifikasyon emisyon 6 radyo selon yo, moun pi tandè nan kapital ayisyèn ak nan kèk kote nan vil pwovens yo. Travay rechèch sa a se te fè analiz sou emisyon ki pote non ‘Envite jounen jodiya’ ‘Invités du jour’ sou radyo, nan 6 radyo ki genyen kòm animatè: Valeri Nima (Valéry Numa) pou Vizyon 2000, Wenndèl Tewodò (Wendel Théodore) pou radyo Metwopòl, Idson Sen Flè (Udson Saint Fleur) Siyal FM, Janbatis Gazoulout (Jean Baptiste Gazouloute) Kiskeya, Jowèl Labadi (Joël Labady) radyo Ginen ak Makenntòf Kazimi (Makentoff Casimir) Karayib FM.

Nan travay rechèch sila a, gwoup etidyan yo t ap gade ki wòl medya kapab jwe sitou nan emisyon “envite jounen jodiya” pou pèmèt yon bon konstriksyon demokratik. Youn nan entèvenan yo fè kwè li ta

sanble genyen yon politik eksklisyon k ap fèt kont fanm yo atravè emisyon sa yo. Paske l wè pifò moun ki envite nan emisyon animatè sa yo se gason.

Youn nan lòt bagay entèvenan yo te chita sou li, se sitou koze lang animatè sa yo poko vin antann yo sou li. Pwofesè Tousen (Toussaint) ak Albè Moleyon (Albert Moléon) kwè tout anregistreman yo fè sou plizyè emisyon, animatè yo konn pa konnen ki lang pou yo sèvi nan kad entèvyou y ap reyalize a. Anpil fwa yo fè itilizasyon fransè sèlman, gen lòt kote se kreyòl sèlman oubyen yo fè melanj kreyòl/fransè. Wòl medya yo se fè moun ki anndan sosyete a konprann sans wòl yo byen epi trete enfòmasyon nan lang ki nan enterè tout moun an jeneral san fòs kote. Malerezman, pifò jounalis kifè emisyon sa yo te kite sal la anvan lè. Pa t genyen echanj ant etidyan chèchè yo ak jounalis kifè emisyon sa yo jan pwofesè Tousen (Toussaint) te swete l la.


Idson Sen Flè (Udson Saint Fleur) ki se jounalis Siyal FM. Te pran defans lòt jounalis yo lè l fè kwè animatè emisyon sa yo pa envite pyès moun pou patisipe nan emisyon yo ni sou baz ti zanmi ni paske yo kwè gason yo genyen plis bagay pou yo di pase fanm yo. Li fè kwè tou, jounalis ki genyen yon emisyon konsa nan men l ta dwe fè

plis efò nan fè plis rechèch sou entènèt, nan bibliyotèk pa rapò ak moun l ap envite nan emisyon an. Menm lè l pa gen espesyalizasyon nan domèn moun li envite a ki kapab sòti swa nan sosyete politik oubyen nan sosyete sivil la. Selon Idson (Udson), patwon yo konn tounen yon gwo baryè pou moun k ap fè emisyon envite jounen jodi yo, paske lè jounalis la pi pèfòman li kapab jwenn plas pi rapid nan fè emisyon sa yo.

Konferansye yo panse objektif yo te bay tèt yo a rive nan bout li, paske echanj yo t ap chèche ant etidyan chèchè yo ak pwofesyonèl laprès 6 radyo yo te deside fè ankèt sou yo a te reyisi, menm lèske majorite pa t gentan prann lapawòl nan konferans la. Antouka yo panse gen kèk amelyorasyon ki kapab pote nan domèn nan, si sèlman jounalis yo deside fòme tèt yo plis.

Dènye moun ki te entèveni anvan fen konferans sa a, se te reskonsab departman komunikasyon sosyal fakilte a, Womèl Wodne (Romel Rodney) ki di l te trè satisfè pou fason etidyan chèchè yo te mobilize tout fòs yo pou yo te reyalize travay sa a. Antouka pwofesè a panse travay sa a dwe kontinye pou yon amelyorasyon an pwofondè nan sosyete a ak anndan medya yo.

Rikado Ilias



Bob Marley

Rastafaray : yon relijyon ou yon filozofi ?

Leyona Pèsival Owèl (Léonard Percival Owell) te kòmanse nan lane 1933 preche mouvman rastafaray la a. Rasta yo kwè yo se youn nan tribi Izrayèl yo, epi enperè Ayile Selasye se seyè pa yo. Se nan non anperè Etyopi a yo pran non an, orijin li se «ras-tafarit» rasta vle di lidè, seyè epi tafarit, se moun yo dwe krent la.

Jounen jodiya, li difisil pou yon moun pase yon semèn san li pa rankontre yon rastafaray nan Pòtoprens kapital peyi d Ayiti. Mouvman rastafaray la ki pran nesans nan mitan esklav nwa yo nan peyi Jamayik nan kòmansman 20èm syèk la genyen 2 aspè : premye a se relijyon epi dezyèm nan se filozofi.

Nan premye aspè nou wè li tankou yon relijyon. Daprè listwa, fondatè Makis Gavi (Marcus Garvey) jounalis ki te



Marcus Garvey

ekzile Ozetazini an te pwofetize lè li te di : «retounen

an Afrik la genyen yon wa nwa ki pral kouwone, jou delivrans la prèske rive». Nan lane 1930 anperè Ras-tafari Makonnen Negis (Negus) wa peyi Etyopi sou non Ayile Selasye (Hailé Sélassié) akonpli pwofesi a. Se nan peyi Jamayik (Jamaique) nan epòk okipasyon Britanik la,

Nan dezyèm aspè a li tankou yon filozofi oubyen yon mòd vi. Mouvman sa a genyen respè pou lanati, an jeneral yo pa bwè alkòl, yo pa koupe cheve ak bab yo. Anplis yo manje pwason, fri ak legim, rasin bwa, grenn bwa. Yo apresye anpil Bòb Male (Bob Marley) ki fèt 6 Fevriye 1945 epi li mouri 11 Me 1981 Miyami Florida. Nan chante ki di «No woman no cry» ki vle di: «fanm pa kriye» se te premye siksè entènasyonal li, ak Louki Doubi (Lucky Dube) elatriye, mesye sa yo te fè pati moun k ap gaye lide rastafaray la sou latè, yo ekri sou enjistis ak preyokipasyon sosyal. Mizik rege evolye men yo toujou rete ak menm fon an.

N ap di tou, mouvman sa a vin tounen yon mòd ak gwo medya yo (radyo, televizyon ak entènèt, elatriye). Moun yo twouve mizik li atiran anpil,



Hailé Selassié

e pi yo pran aparans la (koulè vèt, wouj, jon, nwa, djwedlòks), pou yo kapab vin pi chèlbè.

An Ayiti e menm nan kèk lòt peyi, jis jodi a, mouvman rastafaray la pa vrèman aksepte, petèt paske moun yo souvan fwa yo pa konnen sa k ladan l vre. Lèfini, rastafaray yo genyen anpil bagay pou aprann nou, menm jan nou menm nou genyen anpil pou nou apran yo tou. An n fè prèv matirite ak bon sans. Nou sipoze toleran paske n ap viv nan yon monn ki chaje ak diferans.

Jan Kamèl Lano

Blag / Volè machin

Jij : Kouman ou te gen kouraj pou ou t al volè machin sa a ?

Volè a : Jij, machin sa a te kanpe devan simetyè a, kifè mwen te kwè mèl li a te mouri.



M pap fè sa anko

Jij : Monchè ou asasine madanm marye ou, ou pa wè se yon gwo krim ou fè ? Kisa ou di nan sa a ?

Akize a : Dako jij. Mwen pap janm fè sa anko.

Paj pou jèn yo

Mwa desanm 2008 la, plizyè gwoup fanatik ak atis te sezi okazyon sa a pou yo te kapab fete anivèsè yo, oubyen pou yo sonje defen kamarad atis yo.

Ansy Dérose : zèv ou yo rete byen vivan

3 Desanm 1998 Annsi Dewoz (Ansy Dérose mouri), 3 Desanm 2008 dis lane apre gwo potòrik gason sa a toujou rete byen vivan nan mitan fanatik li yo.

Anpil moun ki te rekonèt li tankou madanm li ki se Yòl Dewoz (Yole Dérose), mizisyen, animatè, elatriye pa kache emosyon yo devan talan gwo atis sa a. Li te toujou ap fè moun sezi lè li ap chante seri de mizik ki gen pawòl «Nou vle pou peyi n chanje » ou

byen Anakawona rèn flè (Anacaona reines des fleurs), atis sa a te renmen peyi li epi respekte fanm anpil. Li te konn touche anpil sijè ki touche konsyans, denonse enjistis sosyal epi rann moun pozitif omaj. Annsi (Ansy) te fè penti, eskilti, achitekti ak

anpil matirite kèk fasèt sa yo se jis pou nou di ou richès atis la. Dis lane apre, zèv Annsi (Ansy) pa janm sispann fè moun reve.



Miryèl Kreyasyon : 18 lane eksperyans



Samdi ki te 13 Desanm 2008 fè Miryèl (Murielle) 18 lane depi l ap evolye nan milye atistik (pent, estilis, mòd, peyi d Ayiti. Okazyon sa a fè moun ki gen zanmitay ak bèl zèv konprann li gen atis k ap pwodui

bèl bagay nan peyi a epi k ap voye kilti lakay monte byen wo. Miryèl kreyasyon bay patisipasyon li nan abiye plizyè animatè televizyon, mis, atis tankou Belo (Bélo) ki te genyen «Prix Découverte RFI» etan Douala (Cameroun) nan Desanm 2006 la ki pi popilè nou konnen. Kalte pwodiksyon li se sa ki fè

siksè li.


Li enpotan anpil pou tout moun, jèn espesyalman konnen gen posiblite pou moun rekonèt yo nan domèn atistik la. Si ou gen yon rèv, fè sakrifis, mete volonte ou ladan l, epi kenbe pa lage jistan li reyalize. Yon gwo konpliman pou, Miryèl kreyasyon (Murielle Créations).

31 desanm 2008 : RAM soufle 18 bouji li

Fomasyon mizikal sa a fèt nan lane 1990 nan yon kontèks politik difisil, 31 Desanm 2008 fè li genyen 18 lane depi l ap jwe mizik rasin. Richa Mòs (Richard Morse) ak mizisyen li yo fè prèv anpil matirite nan mizik yo. Li patisipe plizyè fwa nan defile

kanavalès, fè albòm, konsè elatriye. Mizik gwoup sa a enteresan anpil epi tèks li yo anpil fwa denonse enjistis sosyal, lamizè elatriye. Kanaval 2008 li a te gran chanpyon kategori mizik rasin, yon lòt fwa se te yon gwo siksè, li te rann Desalin yon gwo

omaj. Kanaval li yo, se toujou yon okazyon ankò pou li jwenn bèl apresyasyon bò kote anpil moun nan sosyete a.




Blag / Mwen pou ou pou letènitè

Jij : Jak ou jwenn bèl bag sa a atè a, ou konnen li pa pou ou, se nomal pou yo kenbe ou kom volè bag la.

Akize : Non jij mwen te prann l paske lè mwen te jwenn li mwen te wè li make ladann : Mwen pou ou pou letènite.



Tèks : Jan Kamèl Lano
Foto : Entènèt





Foutbòl

GRENADYE YO PA T GEN ZAM

Grenadye yo pa t gen zam pou yo te refè listwa. Aprè gwo eksplwa ekip nasyonal la te reyalize nan lane 2007 la, anpil espesyalis nan koze foutbòl te kwè l t ap jwe sou yon lòt planèt tèlman l te make lespri ayisyen k ap viv an Ayiti tankou ayisyen ki nan dyaspora a. Nou te fè sa n potko janm fè, sou 6 match seleksyon an te jwe, li te pèdi sèlman youn ladann, paske pwofesè Lwís Amelyo Garsya (Luís Amélio Garcia) t ap woule ekip la. Tout bon pyès li yo te rete sou ban an, paske kalifikasyon l te deja nan men l. Nou te rive chanpyon e ranmase tout sa k te genyen kòm tit nan lakou Trinidad, peyi ki t ap òganize konpetisyon an. Brini Pyè Richa (Bruni Pierre Richard) ki se kapitèn ekip la te fini kòm meyè jwè, Digicel ki se esponnsò ofisyèl konpetisyon an te bay chak ekip, US. \$120 000. Pifò ekip nan zòn nan, menm jan ak anpil lòt ki twouve yo nan zòn amerik di sid la, t ap chèche ekip nasyonal la pou te jwe avèl. Sou 15 match nou te jwe, nou te genyen 11, nou te fè 3 match nil, nou te pèdi youn. Nou te menm klase pami pi bon ekip ki genyen nan zòn nan e nou te okipe 85èm plas nan klasman jeneral FIFA.

Pwoblèm an 2008

Ane 2008 la se nan ti pòt la seleksyon an pase, paske depi lè pwofesè Amelyo (Amélio) kite tèt seleksyon an, ekip la pa janm ka jwenn bon mak li te genyen lè l t ap fè firè nan lane 2007 la. Se

difisilman nou te jwenn kalifikasyon n pou dezyèm tou eliminatwa mondyal 2010 la e, pou 6 match jwe nou te senpman rekòlte 2 pwen, sa vle di nou pèdi 4 match e fè 2 match nil. Aprè Amelyo, seleksyon an pase twa kategori antrenè: Wagneau Eloi, Wilner Etienne ak Song Pierre ajoute ak de kolonbyen. Sa pa t pèmèt nou fè bèl figi nan konpetisyon anpil moun te kwè n se favori aprè Jamayik (Jamaïque) ak Trinidad (Trinidad). Pou gòlkèp ane sa a, nou pa menm pase premye tou a. Nou fè yon match nil, yon match nou te kapab genyen, nou pèdi devan Gwadeloup (Guadeloupe) e genyen match devan Kiba (Cuba). Sa te fè n 4 pwen sou 9, ki pa t ban n dwa jwe demi final konpetisyon sa ak tou jwenn kalifikasyon pou Gòlkèp ane k ap vini an. Anpil moun t ap poze tèt yo kesyon sou kibò tout lajan seleksyon an te jwenn nan men konpayi Digicel la nan lane 2007 la. Antouka, dapre anpil analis nan kesyon foutbòl, nou pa kapab panse gen yon bon seleksyon si n pa deside investi nan chanpyona premye ak dezyèm divizyon nou an.

Lòt bò dlo

Nan mitan mwa Janvyè 2009 la, FIFA ki se pi gwo enstans nan zafè foutbòl, genyen pou l rekonpanse meyè jwè ane 2008 la. Nan lis definitiv la FIFA kenbe non 5 jwè ki te pi pèfòman pandan ane a : Messi, Cristiano Ronaldo, Xavi,

Kaka, Casillas. Men de jwè ki kapab pran distenksyon sa a se Lyonèl Mesi (Lionel Messi) ak Krisyano Wonaldo (Christiano Ronaldo). San nou pa bliye Wonaldo (Ronaldo) se te balon dò Frans foutbòl la devan jwè tankou Mesi, Zavi, Torès elatriye. Selon anpil fanatik, se Mesi ki ta dwe prann distenksyon FIFA a, paske l te pi regilye ak seleksyon Ajantin nan pase Wonaldo te ye ak seleksyon Pòtigèz la. Jwèt la se nan men kapitèn ak tout antrenè seleksyon nasyonal ki gen plas anndan federasyon entènasyonal foutbòl la. Sa pou fanatik Bon Nouvèl yo konprann, Frans foutbòl rekonpanse yon jwè sou yon sezon, FIFA sou yon lane. Krisyano te jwenn rekonpans sa yo, paske l te ranpòte plizyè lòt tit tankou : Champions league la, Super league, lite fini meyè jwè tou de konpetisyon sa yo e li te fini tou kòm soulye dò ewopeyen akòz li te make 31 gòl nan chanpyona Anglèz la. Eske menm bagay ki te repete avèk defansè Italyen Fabio Cannavaro pral rive tou avèk n ap tann 13 janvyè pwochen. ■



Ronaldo Cristiano / Soulye dò 2007

Tèks : Rikado Ilis

Foto : Entènèt



Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi Limyè levanjil sou pwoblèm Anviwònman

Zanmi Lekti kominote Bib yo, **Rezo Ekimenik BibAyiti (REBA)** te kontan pataje ak nou etid Bib la pandan 4 lane (janvyè 2005-desanm 2008). Nou te kòmanse depi nan fòmasyon pèp Izrayel la, rive nan liv Apokalips la. Nou sonje nou te toujou prezante nou etid sa a sou fòm selebrasyon, dekwa pou n ka fè l nan kominote nou yo. Nou espere sa te sèvi nou anpil pou dekouvri pawòl Bondye ki se yon pwojè lavi pou tout moun.

*Kounyeya, REBA pral etidye ak nou de sijè ki pi espesyal. Pandan lane sa a nou pral ede nou selebre nan kominote nou yo ak sijè ki plis konsène pwoblèm n ap viv nan kominote pa nou yo. Pou kòmanse n ap pran: **Pwoblèm Anviwònman an.** Kijan ak limyè levanjil la nou kapab mete men pou n rekonstwi kominote nou yo. Se toujou ak menm metòd la n ap kontinye (selebrasyon)*

Premye sijè n ap wè se : **Pwoteje Anviwònman se pwoteje lavi.** Li gen 7 tèm ladan l. Premye selebrasyon nou pral fè a se sou tèm :

Bondye pale ak nou ni nan lavi ni nan Bib la

Anvan selebrasyon yo nou konnen sa nou dwe fè pou mete tout moun alèz, pou pataj la ka fèt pi byen. Prepare kote n ap reyini an, mete bèl plant, fè yon wonn ak chèz yo.....

-Akèy ak lapriyè Lesprisen an

1. Premye koze a :

Animatè a fè yon ti pale sou metòd REBA itilize ki marye lafwa ak lavi, ki mete bib la an kontak ak reyalite ak kilti pèp la. Li fè tout moun yo repete tèm selebrasyon sa a ki se:

Bondye pale ak nou ni nan lavi ni nan Bib la

An n brase lide:

- Nou konnen nan istwa pèp Izrayèl la, nan epòk Abraram, Sara, Izarak, Jakòb, Bib la potko ekri,

- Ki kote yo te jwenn tout pawòl yo te di sou Bondye? Kouman yo te ka konnen Bondye pale ak yo?

-E zansèt nou yo ki pa t konnen Bib la, ki kote yo jwenn Bondye?

(Kite moun yo pale)

Nan epòk sa a Bib la potko ekri, moun yo te li pawòl Bondye a nan listwa yo, nan lanati, ak nan evenman yo t ap viv yo. Yo kontanple tout sa yo te wè, Yo kòmanse fè konesans ak lòt moun ki pa pale menm jan ak yo, ki pa gen menm koulè po ak yo, men ki gen menm lespri anvi viv ak yo, yo di gen yon Bondye ki dèyè tout bagay sa yo. Zansèt nou yo te dekouvri Bondye nan anvi delivrans yo te genyen. Eske nou sonje lapriyè Boukman, pa egzanp?

2. Bondye pale nan lavi nou :

Senbòl yo: Bib la louvri sou yon twal oubyen li antoure ak plant yon bò.

Yon lòt bò tout sa nou ka jwenn bò kote nou ki ka reprezante kreyasyon an: fwi, flè, wòch, pyebwa, desen ti zaimo, mete yon fi ak yon gason tou)

Reflechki sou sa nou wè, kisa nou fè ak yo? ki sa yo itil? Ki konsekans sa genyen nan lavi nou.

Ki pwovèb nou konnen sou kreyasyon an?

Chandèl limen

-Fòk ou sonje premye gout lapli ki te fè jaden an pouse.

-Bondye konn kenbe krab mete nan makout avèg.

Pou fini animatè(tris) la fè yon ranmase sou sa moun yo di epi li fè yo sonje se kreasyon Bondye, e se liv sa a Bondye te kreye an premye. Se ladan l moun yo te dekouvri gen yon Bondye dèyè tout sa, e menm jan jounen jodi a lè na p gade alantou nou, evolasyon moun, nou di gen yon Bondye ki dèyè tout bagay sa yo. Se konsa nou ka di Bondye pale ak nou nan lavi nou e konsa nou ka di se premye liv Bondye te ekri.

3-Bondye pale nan Bib la.

Chante pou akeyi pawòl la.

Lekti nan liv Jenèz

sòti chapit 1,1 rive chapit 2, 1-4a.

-Sou kisa tèks sa a pale?

-Kisa Bondye te kreye?

-Kisa li te kreye an dènye?


-Kijan li kreye moun?

-Sa sa vle di Bondye kreye moun pòtre ak li?

-Ki sa nou dwe fè pou n kontinye kreye ak Bondye?

-Kisa pawòl sa a montre nou pou lavi nou, pou kominote nou an?

-Ki angajman nou dwe pran devan sitiyasyon Anviwònman nou an ?



- **Rezime:** animatè/animatris la ranmase tout sa moun yo di epi li ajoute: A pati tèks nou sot li a epi nou reflechi sou li a, nou wè Bondye pale ak nou nan lavi a ak nan Bib la. Li montre

n kijan Bondye te kreye tout bagay e kijan li te kreye moun, li montre n kouman nou dwe tounen kreyatè menm jan ak Bondye.

- Nou dwe marye Bib la ak kreyasyon an sa vle di tou Anviwònman kote n ap viv la, pou n ka tandè vwa Bondye tou patou kote n pase. Si se konsa, pwoteje anviwònman an pa selman yon devwa sitwayen, men se yon devwa chak kretyen vivan genyen.

Lapriyè Kominotè : N ap fè lapriyè ki marye ak responsabilite nou genyen pou pwoteje anviwònman an.

Papa nou ki nan syèl la :



NB. Nap fe nou sonje REBA toujou nan menm adrès la: *Impasse Duverger #13, Tijo nou ka toujou pase oubyen rele pou enfòmasyon nan 22453646.*

Lekti Labib pou mwa fevriye 2009

Dimanch 1^oFevriye 4^o dimanch senp

1. Detewonòm 18, 15-20
2. 1 Korentyen 7, 22 - 33
3. Mak 1, 21- 28

Dimanch 8 Fevriye 5^o dimanch senp

1. Jòb 7, 1- 4; 1- 7
2. 1 Korentyen 9, 16-23
3. Mak 1, 29 - 39

Dimanch 15 Fevriye 6^o dimanch senp

1. Levitik 13, 1- 2; 45-46
2. 1 Korent 10, 31-11;1
3. Jan 1, 35 - 42

Dimanch 22Fevriye 7^o dimanch senp

1. Izayi 43, 18 - 25
2. 2 Korent 1, 18 - 22
3. Mak 2, 1- 12

Flerèt Matye



Blag

Doktè distrè

Doktè Manno rele Mis Janin epi li di l : Mis ban m yon fich preskripsyon, non. Mis la ba l fich la epi doktè a kòmanse ekri. Epi mis la wè se tèmomèt la ki nan men dwat doktè a. Li di l : “Doktè apa se ak tèmomèt la ou ap ekri ?”

Doktè a reponn : Gade se vre, mwen distrè. Mis al gade yon fwa nan deyè ki malad mwen te foute bik mwen an.

Pouki sa ou fè sa ?

Jij la : Monchè kouman fè ou kase 4 dan nan bouch ti granmoun sa a ?

Akize : Jij se 4 dan sèlman li te genyen.



mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	C	H	I	M	E	R	I	K		K
2	H		N	A	N		M	O	S	O
3	E	G	O	Y	I	S		B	A	Z
4	M	E	N	I		W	A		L	E
5	I		D		F	A		M	E	
6	Z	W	A	Z	O		L	A		C
7	E		S		B	L	A	N	C	H
8	T	E	Y	O	L	O	J	I		E
9		T	O	M	A	T		G	A	N
10	B	A	N		S	O	M	A	L	I

Mo Kwaze

Pran agòch ale adwat

1. Yon fri - Anbyans kote moun amize yo
2. Lwa nan relijyon vodou - Bèt volay ki gen bouch long
3. Non yon flè - Dat nesans Jezi Kri
4. Yon nan premye grad nan vodou - Zouti ki sèvi pou ramase tè
5. Twazyèm not mizik - Kontraksyon nou a - Zouti ki sèvi pou lagè osinon krim
6. Tikal - Direksyon - Solid ki rete lè ou fin pase yon melanj nan paswa
7. Pwonon pèsonèl - Zwazo domestik k ap chante avanjou - Enfòmasyon ki endike jou, ane ak mwa
8. Fwi oubyen koulè - Vil nan depatman lwès
9. Kouvèti eksteryè nan ko yon moun
- Istwa Jezi te kon rakonte yo
10. Uityèm mwa - youn nan zile ki pou Ayiti


Pran anwo desann anba

1. Chif ki vle di san valè - Pawol - Kote bato akoste
2. Maladi je
3. Komès
4. Olenpik (abreviyasyon) - Kap Ayisyen
5. Medikaman pou malarya - Ale
6. Kapital peyi Latiki
7. yon ti goblè - $1 + 3 =$
8. Gwo pant ki pre yon mon - Pou komanse
9. Premye chif - Moun degize nan kanaval, lè ou peye yo
yo montre sa ki nan bwat yo
10. Lè - Prezidan konpa



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2										
3										
4										
5										
6										
7										
8										
9										
10										

Jan Fanaspò



Bon
Journal
Nouvèl

103, Ri Pave
B.P. 19252
HT-6112
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477
bonnouvèl@yahoo.com

ISSN 1606-660X

Pwojè “Bon Nouvèl”

Sipèvizyon: Pè Gi Vandekandelare- Pè Iv Andre Senfeliks- Pè Lik Devègle

Dirèksyon: Pè Jan Out

Redaksyon: Wozilya Franswa.

Dokimantasyon: Wozilya Franswa

Sekretarya ak Pwomosyon: Flerèt Matye

Distribisyon: Jan Deni Tanis - Wilga Belanj

Administrasyon: Wilga Belanj

Antretyen: Yolèn Chal